

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN YON PWOPozISYON REFÒM LOBI AGRESIF
NAN BIDJÈ EGZEKITIF 2019 LA**

Pwopozisyon ak plizyè volè a gen ladan kreyasyon premye Kòd Konduit nan nasyon an pou lobiyis eta a, entèdiksyon pou konsiltan politik yo fè lobi kot fonksyonè eli yo te ede eli yo, abèsman limit enferyè depans pou lobi ki egzije divilgasyon kot JCOPE, epi ogmantasyon sanksyon pou lobiyis ki pa respekte règ divilgasyon yo

W ap jwenn videyo diskou Gouvènè a sou refòm lobi a [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gen yon pwopozisyon global pou pwomilge refòm lobi nan Bidjè Egzekitif 2019 la. Ansanm mezi lejislatif ak plizyè volè sa a t ap kreye premye Kòd Konduit nan nasyon an pou lobiyis eta yo, entèdi konsiltan politik yo pou yo fè lobi kot fonksyonè eli yo te ede eli yo, bese limit enferyè finansye a ki egzije yon divilgasyon kot Komisyon Konjwent sou Zafè Etik la (Joint Commission on Public Ethics, JCOPE) rive a 500 dola, ogmante sanksyon yo - sa gen ladan posibilite eksklizyon - pou lobiyis ki pa suiv règ divilgasyon yo, pami lòt mezi. Videyo kòmantè Gouvènè a sou lobi disponib sou YouTube [isit la](#) epi li nan fòma kalite Televizyon (h.264, mp4) [isit la](#).

“Nou kapab fè plis pou garanti konfyans piblik la epi se poutèt sa nou vle pwomilge yon Kòd Konduit piblik pou lobiyis yo k ap sispann tranzaksyon enterese ak konfli enterè pou tout moun kapab konnen pou kiyès y ap travay”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk pwopozisyon sa a, nou pral entèdi konsiltan politik yo pou yo fè lobi kot politisyen yo te ede eli yo, laji entèdiksyon lobi a pou pran mezi estrik kont woulman pèsonèl tradisyonèl la epi ogmante sanksyon kont lobiyis ki pa respekte lalwa.”

Nan kad Bidjè Egzekitif 2019 la, Gouvènè Cuomo pwopoze plizyè mezi pou limite aktivite lobi malonèt epi ogmante transparans nan gouvènman eta a:

Kreye premye Kòd Konduit nan nasyon an pou lobiyis eta a. Kòd Konduit la t ap pouse yon devwa onètete, fidelite, divilgasyon kot gouvènman an ak kliyan yo, ak devwa enfòmasyon kòrèk. Si kò lejislatif la pa pwomilge Kòd Konduit la ane sa a, n ap enpoze li sou lobiyis ki swete travay avèk chanm egzekitif la.

- **Bese limit enferyè finansyeki egzije divilgasyon kot JCOPE a rive a 500 dola:** Lobiyis yo ak kliyan lobiyis yo gen sèlman pou enskri kot Komisyon Konjwent sou Zafè Etik la epi divilge aktivite lobi yo lè peman yo ak depans yo bay yon total ki depase yon sèten montan. Gouvènè a pwopoze bese limit enferyè sa a pou lobi yo dwe rapòte rive a 500 dola. Anplis de sa, Gouvènè a

pwopoze bese limit enferyè a pou yon “relasyon biznis yo dwe rapòte”. Ansanm pwopozisyon sa yo pral vle di lobiyis yo ap gen devwa pou enskri epi divilge enfòmasyon detaye sou pratik yo ak relasyon biznis yo avèk fonksyonè eli yo apatide 500 dola. Nouvo limit enferyè pi ba sa yo ak ogmantasyon egzijans soumisyon yo pou lobiyis yo ak kliyan lobiyis yo, ta vle di anpil moun anplis k ap fè aktivite lobi t ap oblije soumèt dokiman divilgasyon kot Komisyon Konjwent sou Zafè Etik la.

- **Egzije pou lobiyis yo divilge kontribisyon yo nan kanpay:** Kounye a pa gen egzijans divilgasyon ki tabli relasyon dirèk ant lobiyis ak kontribisyon nan kanpay yo fè nan pwòp non pa yo. Pwopozisyon sa a t ap egzije pou lobiyis yo divilge kontribisyon yo fè nan kanpay kot Komisyon Konjwent sou Zafè Etik la.
- **Entèdi pou konsiltan politik yo fè lobi kot fonksyonè eli lè yo te travay nan kanpay yo anvan sa:** Kounye a, konsiltan politik yo k ap travay pou kandida politik gen dwa fè lobi kot menm kandida sa yo lè yo fin eli nan fonksyon, sa ki kreye aparans aksè privejye a sèten fonksyonè eli pou kliyan konsiltan politik sa yo ki te travay avèk politisyen yo nan kanpay yo. Selon pwopozisyon sa a, konsiltan politik yo ki te travay nan yon kanpay pou yon fonksyonè eta eli t ap gen entèdiksyon fè lobi kot fonksyonè eli sa a, epi yon moun ki fè lobi kot yon fonksyonè eli pa t ap gen dwa ankò apre sa pou li jwe wòl konsiltan politik li.
- **Entèdi pou lobiyis yo prete kandida politik yo lajan:** Selon lwa ki la kounye a, lobiyis yo gen legalman dwa pou yo prete kandida yo lajan, sa ki favorize yon relasyon endezirab anvan menm yon kandida vin eli. Lè nou entèdi lobiyis yo prete kandida yo lajan, nou kapab kòmanse remete konfyans piblik la nan gouvènman an.
- **Pwolonje eksklizyon 2 lane a rive a 5 lane, anpeche lobi pandan tan sa a, epi mete restriksyon apre anplwa sou desidè politik yo sèlman:** Sa t ap pwolonje eksklizyon apre anplwa nan eta a ki la deja epi ki entèdi anplwaye eta a pou yo travay an konpetisyon avèk ansyen òganis yo a pandan de lane, rive a yon peryòd senk lane. Pwopozisyon an t ap fè tout pèsonèl lejislatif ak fonksyonè eli desidè yo tou vin sijè a pwolongasyon eksklizyon apre anplwa a, epi anpeche tout ansyen anplwaye eta desidè fè lobi oswa enskri kòm lobiyis pou yon peryòd senk lane apre yo kite sèvis eta a.
- **Amande Ti Lwa Hatch la (Little Hatch Act) pou anpeche yon anplwaye yon fonksyonè eli fè benevola pou kanpay politik fonksyonè eli sa a:** Amanman sa a t ap toujou kite anplwaye yo pran konje nan pòs gouvènman yo epi resevwa peman nan men kanpay politik la.
- **Ogmante sanksyon yo, sa gen ladan posibilite eksklizyon, kont lobiyis ki pa suiv règ divilgasyon yo:** Moun yo jwenn ki vyole lalwa -- sa gen ladan pa soumèt deklarasyon oswa rapò obligatwa a; soumèt fo deklarasyon; pa konfòme yo a yon odit aleyatwa; oswa vyole entèdiksyon sou kado bay fonksyonè piblik yo -- t ap fè fas a gwo sanksyon ak eksklizyon.

Egzije pou sèten fonksyonè eli lokal soumèt deklarasyon finansye kot JCOPE.

Kounye a, se sèlman fonksyonè eli eta a ak anplwaye yo ki gen obligasyon legal pou yo soumèt deklarasyon finansye kot Komisyon Konjwent sou Zafè Etik la. Dispozisyon sa a t ap laji egzijans sa a pou ajoute sèten fonksyonè eli konte ak minisipal, sa ki t ap bay elektè New York yo enfòmasyon yo bezwen pou chwazi kiyès ki reprezante yo nan nivo gouvènman lokal la tou.

Ranfòse lwa sou divilgasyon yo. An Jen 2016, nan mitan yon ogmantasyon mank transparans nan politik, Gouvènè Cuomo te pwopoze lejislasyon refòm etik pou reponn desizyon enpòtan an sou *Citizens United kont Komisyon Eleksyon Federal la (Citizens United v. Federal Election Commission)* ki te gen kòm konsekans règleman pi estrik sou finans kanpay. Lè toude Sena a ak Asanble a te adopte pwojè-lwa refòm etik yo, Gouvènè a te siyen Lwa Egzekitif New York (New York Executive Law) § 172, ki egzije divilgasyon relasyon politik ak konpòtman yo jeneralman rekonèt kòm konsekans men ki opere pa anba. Ane sa a, Gouvènè Cuomo pwopoze ranfòse lwa sa a gras a senplifikasyon pwosesis rapò a pou òganizasyon ki defini kòm 501(c)(3) ak 501(c)(4) yo, sa gen ladan ofri yon mekanis pou òganizasyon yo fè demann egzansyon reglemantè anvan kòmansman yo peryòd rapò.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)